


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa prosedur atawa langkah-langkah dina nyangking élmu pangaweruh. Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitik. Ieu métode panalungtikan dipaké pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta anu tuluy dianalisis. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Ieu panalungtikan museur kana unsur sémiotik anu nyampak dina tradisi Mitembeyan Tandur kalawan objék dina hiji déskrpsi situasi. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik obsérvasi, wawancara, dokuméntasi, jeung talaah pustaka. Ku ayana métode panalungtikan nyaéta pikeun nyusun élmu pangaweruh sacara sistematis. Ku kituna dina ieu panalungtikan, data anu dibeunangkeun ngarujuk dumasar kana métodena.

3.1 Désain Panalungtikan

Dumasar kana métode jeung pamarekan anu digunakeun, perlu disusun désain panalungtikan. Désain panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti tatahar nepi ka nyusun laporan atawa kacindekan. Léngkah-léngkah panalungtikan mangrupa sakabéh prosés pamikiran anu asak ngeunaan hal-hal anu rék dilaksanakeun. Désain anu digunakeun pikeun ieu panalungtikan kayaning bagan nu bisa dititénan dina kaca stuluyna.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

Luyu jeung bagan 3.3, yén dina ngalaksanakeun panalungtikan dimimitian ku nangtukeun masalah ngeunaan kalengkepan, aturan, prak-prakan, jeung unsur sémiotik dina Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut. Ngumpulkeun data ngaliwatan métode kualitatif anu rék digunakeun. Di antarana ngagunakeun métode obsérvasi, wawancara, dokuméntasi, jeung talaah pustaka. Instrumén panalungtikan mangrupa pakakasa nu bisa ngarojong dina ngumpulkeun data nyaéta ngagunakeun lembar obsérvasi, pedoman wawancara, jeung lembar dokuméntasi. Téhnik ngumpulkeun data dumasar kana data anu geus dicangking, ngagunakeun pamarekan kualitatif atawa analisis sémiotik. Nyieun kacindekan mangrupa hasil analisis anu dijadikeun dasar pikeun nyusun kacindekan anu bisa ngajawab kana pasualan panalungtikan. Nyusun laporan panalungtikan mangrupa kagiatan akhir dina nyusun laporan anu sistematis, anu dijerona aya bubuka, tiori, métode, hasil jeung pedaran, sarta kacindekan.

3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan pikeun nyangking data ngeunaan tradisi Mitembeyan Tandur nyaéta di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut. Lega wilayah Désa Mekarsari nyaéta 95,01 Ha. Ngawengku opat Dusun, sapuluh Rukun Warga (RW), jeung 40 Rukun Tetangga (RT), sarta jumlah pendudukna aya 8.169. Nu ngawengku 4.056 lalaki, jeung 4.113 awéwé, jumlah Kkna 2.869. Ieu di handap mangrupa wates-wates Désa Mekarsari:

- a. Utara/Kalér: Désa Sukanagara, Kacamatan Cisompét;
- b. Selatan/Kidul: Samudra Hindia, Samudra Hindia;
- c. Timur/Wétan: Désa Karyasari, Kacamatan Cibalong;
- d. Barat/Kulon: Désa Sirnabakti, Kacamatan Pameungpeuk.



Sumber: Data Démografi Désa Mekarsari Taun 2022

Gambar 3. 1 Peta Lokasi Désa Mekarsari

3.2.2 Kondisi Sosial Budaya

a. Jumlah Jiwa

Data jiwa di Désa Mekarsari jumlahna aya 8.169 urang, anu ngawengku 4.056 lalaki jeung 4.113 awéwé.

Tabél 3.1 Jumlah Jiwa Désa Mekarsari

No.	Wanda Baga	Jumlah
1.	Lalaki	4.056
2.	Awéwé	4.113
Jumlah Total		8.169

Sumber: Data Démografi Désa Mekarsari Taun 2022

b. Agama

Masyarakat nu aya di Désa Mekarsari sakabéhna ngagem agama Islam. Désa Mekarsari miboga fasilitas 32 Masjid Jamie jeung dalapan Mushola. Di Désa Mekarsari biasana sok aya kagiatan kaagamaan, kayaning pangaosan mingguan, pangaosan bulanan, pangaosan taunan anu nguriling ka unggal masjid nu aya di Kacamatan Cibalong, jeung kagiatan *Peringatan Hari Besar Islam* (PHBI) séjénna.

Tabél 3.2 Jumlah Agama Désa Mekarsari

No.	Agama	Lalaki	Awéwé
1.	Islam	3.792	3.795
2.	Kristen	0	0
3.	Hindu	0	0
4.	Budha	0	0
5.	Konghucu	0	0
Jumlah Total		7.587	

Sumber: Data Démografi Désa Mekarsari Taun 2022

c. Atikan

Teu sakabéh nu aya di Désa Mekarsari miboga atikan anu sarua. Sok sanajan réa kénéh masarakat Désa Mekarsari anu teu sakola, lain teu maliré kana atikan, tapi aya pangaruh tina sababaraha faktor, salah sahijina faktor ékonomi.

Tabél 3.3 Atikan

No.	Kelompok	Lalaki	Awéwé
1.	Anu can ka TK (3-6 th)	42	51
2.	TK/Play Grup (3-6 th)	104	128
3.	Anu teu pernah sakola (7-18 th)	8	12
4.	Anu sakola (7-18 th)	579	628
5.	Teu pernah sakola (18-56)	16	24
6.	Pernah SD tapi teu tamat (18-56 th)	23	35
7.	Tamat SD/Sederajat	916	608
8.	Teu tamat SLTP (12-56)	54	72
9.	Teu tamat SLTA (18-56)	65	72
10.	Tamat SMP/Sederajat	336	316
11.	Tamat SMA/Sederajat	472	416
12.	Tamat D-3/Sederajat	4	8
13.	Tamat S-1/Sederajat	52	39
14.	Tamat S-2/Sederajat	2	3
15.	Tamat S-3/Sederajat	0	0
16.	Tamat SLB A	1	1
17.	Tamat SLB B	2	0
18.	Tamat SLB C	4	5
Jumlah Total		5.098	

Sumber: Data Démografi Désa Mekarsari Taun 2022

d. Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Mekarsari ngawengku sababaraha widang pakasaban, di antarana Ibu Rumah Tangga (IRT), patani, buruh tani, Pegawai

Negeri Sipil (PNS), wiraswastra/pedagang, tenaga keséhatan, jeung sajabana. Kaasup di unggal Kampung nu aya di Désa Mekarsari, pakasaban panglobana nyaéta anu jadi patani, utamana dina melak paré.

Tabél 3.4 Pakasaban

No.	Pakasaban	Lalaki	Awéwé
1.	Patani	437	83
2.	Buruh Tani	408	362
3.	Buruh Migran	0	21
4.	Pegawai Negeri Sipil (PNS)	22	0
5.	Pengrajin	11	29
6.	Pedagang Kelontongan	43	102
7.	Peternak	95	0
8.	Nelayan	87	0
9.	Montir	23	0
10.	Dokter swasta	2	0
11.	Perawat swasta	5	7
12.	Bidan swasta	4	12
13.	Ahli Pengobatan Alternatif	1	0
14.	TNI	5	0
15.	POLRI	6	0
16.	Pengusaha kecil, menengah dan besar	19	9
17.	Guru swasta	10	21
18.	Pedagang Keliling	38	19
19.	Tukang Kayu	31	0
20.	Tukang Batu	24	0
21.	Tukang Cuci	0	5
22.	Pembantu rumah tangga	0	19
23.	Karyawan Perusahaan Swasta	87	19
24.	Karyawan Perusahaan Pemerintah	76	6
25.	Belum Bekerja	10	24
26.	Ibu Rumah Tangga	0	1756
27.	Purnawirawan/Pensiunan	43	4
28.	Perangkat Desa	9	2
29.	Buruh Harian Lepas	245	0
30.	Pemilik perusahaan	11	0
31.	Buruh jasa perdagangan hasil bumi	56	0
32.	Pemilik usaha jasa transportasi dan perhubungan	43	0
33.	Buruh usaha jasa transportasi dan perhubungan	43	0

No.	Pakasaban	Lalaki	Awéwé
34.	Pemilik usaha informasi dan komunikasi	39	4
35.	Buruh usaha jasa informasi dan komunikasi	11	4
36.	Kontraktor	11	0
37.	Buruh usaha jasa hiburan dan pariwisata	1	3
38.	Buruh usaha hotel dan penginapan lainnya	4	0
39.	Pemilik usaha warung, rumah makan dan restoran	18	76
40.	Dukun/paranormal/supranatural	2	2
41.	Sopir	43	0
42.	Jasa penyewaan peralatan pesta	1	3
43.	Pemulung	8	0
44.	Tukang Jahit	12	4
45.	Tukang Kue	0	5
46.	Tukang Rias	2	4
47.	Tukang Sumur	10	0
48.	Tukang Cukur	6	0
49.	Tukang Las	3	0
50.	Tukang Gigi	0	1
51.	Tukang Listrik	11	0
52.	Pemuka Agama	49	25
53.	Apoteker	0	3
54.	Penyiar radio	2	0
55.	Satpam/Security	3	0
Jumlah Total		4.764	

Sumber: Data Démografi Désa Mekarsari Taun 2022

e. Basa

Basa anu digunakeun di Désa Mekarsari nyaéta Basa Sunda jeung Basa Indonésia. Anu dipaké dina basa sapopoé nyaéta Basa Sunda, sedengkeun Basa Indonésia digunakeun dina acara formal, komunikasi jeung anu teu ngartieun Basa Sunda atawa lain urang Sunda.

3.2.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina panalungtikan mangrupa hiji hal anu penting dina prosés ngumpulkeun atawa nyangking data anu rék ditalungtik. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta narasumber anu bakal diwawancara, tempat lumangsungna

wawancara, dokumén atawa buku sumber data anu dijadikeun pedoman dina ieu panalungtikan. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dieuyeuban ku pustaka-pustaka anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh unsur sémiotik dina tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut.

Tabél 3.5 Data Narasumber Panalungtikan

No.	Foto	Data Narasumber
1.		Wasta: Solih Tempat, Kaping Gumelar: Garut, 01 Januari 1954 Yuswa: 71 th Wandabaga: Lalaki Pakasaban: Patani Padumukan: Kampung Simpangsari Atikan: SD
2.		Wasta: Dodoh Tempat, Kaping Gumelar: Garut, 26 Mei 1958 Yuswa: 67 th Wandabaga: Awéwé Pakasaban: IRT & Patani Padumukan: Kampung Simpangsari Atikan: SD
3.		Wasta: Yunus Muslim Tempat, Kaping Gumelar: Garut, 06 Januari 1998 Yuswa: 27 th Pakasaban: Sekertaris Désa Mekarsari Padumukan: Kampung Wanasari Atikan: SMA

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah-léngkah anu *strategis* dina panalungtikan, sabab tujuan tina panalungtikan nyaéta nyangking data Sugiyono (2013, kc. 224). Téhnik anu digunakeun nyaéta téhnik obsérvasi lapangan ku cara ngawawancara sawatara pihak anu kalibet kana lumangsungna kagiatan, sarta

dokumentasi kegiatan tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut.

3.3.1 Obsérvasi Partisipan Aktif

Sutrisno (dina Sugiyono 2013, kc. 145) nétélakeun yén obsérvasi mangrupa hiji prosés anu kompleks, hiji prosés anu disusun tina sakabéh prosés biologis jeung psikologis. Anu dipentingkeun nyaéta prosés-proés panalungtikan jeung ingetan. Obsérvasi partisipan aktif mangrupa hiji métode panalungtikan kualitatif pikeun ngumpulkeun data ku cara nalungtik anu kalibet dina éta kagiatan. Dina obsérvasi partisipan aktif, panalungtik henteu saukur nalungtik ti luar, tapi milu aub waktu lumangsungna kagiatan, pikeun nyangking pamahaman anu leuwih jero ngeunaan panalungtikan anu ditalungtik.

3.3.2 Wawancara

Wawancara mangrupa hiji métode dina ngumpulkeun data ku cara ngajukeun patalékan sacara langsung ka narasumber atawa informan pikeun nyangking informasi. Sugiyono (2013, kc. 138) nétélakeun yén wawancara bisa dilakukeun sacara terstruktur atawa teu terstruktur, jeung bisa ngaliwatan sacara *online atawa offline*. Wawancara dina ieu panalungtikan ngagunakeun wawancara terstruktur.

3.3.3 Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa prosés dina ngumpulkeun, neundeun, jeung ngolah data atawa informasi dina wangun dokumén atawa rékaman séjénna. Dokuméntasi bisa mangrupa téks, gambar, vidio, atawa wangun anu séjénna anu bisa digunakeun pikeun ngarékam jeung neundeun informasi.

3.3.4 Talaah Pustaka

Talaah pustaka miboga tujuan pikeun ngaidéntifikasi pangaweruh anu geus aya ngeunaan objék panalungtikan. Dina panalungtikan, talaah pustaka penting pisan, lantaran bisa mantuan panalungtik pikeun maham kana aturan jeung tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa salah sahiji anu nangtukeun kahontalna panalungtikan. Instrumén anu utamana nyaéta jalma anu rék nalungtikna, tapi satuluyna saenggeus udagan panalungtikan kahontal jelas, kamungkinan bakal dimekarkeun instrumén panalungtikan anu basajan, dipiharep bisa ngalengkepan data, dijadikan babandingan jeung data anu geus kapanggih ngaliwatan obsérvasi jeung wawancara. Dina ieu panalungtikan dibutuhkeun pakakas pikeun ngarojong kana lumangsungna panalungtikan, kayaning kaméra nu digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kagiatan, mangrupa wangun properti jeung vidio, sarta *handphone* anu digunakeun pikeun alat rekam dina waktu ngawawancara.

3.4.1 Lembar Obsérvasi

lembar obsérvasi mangrupa instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngaliwatan panalungtikan langsung ka lapangan Sopiatsu (2018, kc. 40). Lembar obsérvasi dina ieu panalungtikan nyaéta tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut. Dina lembar obsérvasi tradisi Mitembeyan Tandur, panalungtik salaku instrumén konci pikeun ngalaksanakeun obsérvasi ka lapangan.

Tabél 3.6 Lembar Obsérvasi

No.	Indikator	Perkara anu diobsérvasi
1.	Prak-prakan	Tempat dilaksanakeunana tradisi Mitembeyan Tandur Waktu lumangsungna tradisi Mitembeyan Tandur
2.	Pakakas	Bahan jeung pakakas nu kudu aya dina tradisi Mitembeyan Tandur
3.	Palaku	Narasumber anu ngalakukeun tradisi Mitembeyan Tandur
4.	Unsur Sémiotik	Ma'na sémiotik anu nyampak dina tradisi Mitembeyan Tandur

3.4.2 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara dipaké ku panalungtik sangkan bisa nyangking data ti narasumber sacara lisan. Biasana panalungtik sok nataharkeun pertanyaan anu bakal ditanyakeun ka narasumber waktu keur wawancara, jeung mantuan

narasumber sangkan dina ngajawab pertanyaan teu jauh tina udagan anu rék dihontal.

Tabél 3.7 Format Pedoman Wawancara ka Narasumber

Daftar Patarosan	
1.	Naon ari tradisi Mitembeyan Tandur nu aya di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut téh?
2.	Naon udagan dilaksanakeunana tradisi Mitembeyan Tandur téh?
3.	Kumaha kamekaran tradisi Mitembeyan Tandur ?
4.	Iraha waktu dilaksanakeunana tradisi Mitembeyan Tandur ?
5.	Sabaraha lila waktu keur ngalaksanakeun tradisi Mitembeyan Tandur ?
6.	Saha anu mingpin éta tradisi téh?
7.	Saha waé anu bisa ilubiung dina éta tradisi?
8.	Kalengkepan naon waé anu kudu disadiakeun waktu rék ngalaksanakeun tradisi Mitembeyan Tandur?
9.	Kumaha aturan anu nyampak dina tradisi Mitembeyan Tandur ?
10.	Kumaha prak-prakan dina tradisi Mitembeyan Tandur ?
11.	Naon fungsi bahan jeung pakakas nu aya dina tradisi Mitembeyan Tandur ?
12.	Nyimbolkeun naon tina tina sagala rupa hal anu nyampak dina tradisi Mitembeyan Tandur?
13.	Naon mangpaat tina tradisi Mitembeyan Tandur jeung aya atawa henteu pantranganana?

Tabél 3.8 Format Pedoman Wawancara ka Ibu-Ibu

No.	Daftar Patarosan
1.	Ti iraha apal kana tradisi Mitembeyan Tandur ?
2.	Naha apal kana kalengkepan, konsep, jeung prak-prakan tradisi Mitembeyan Tandur?
3.	Kumaha kamandangna ngeunaan tradisi Mitembeyan Tandur?
4.	Naha apal kana ma'na tina sagala runtuyan anu aya dina tradisi Mitembeyan Tandur?

3.4.3 Lembar Dokuméntasi

Lembar dokuméntasi mangrupa hiji dokumén anu digunakeun pikeun ngarékam jeung neundeun informasi hiji kagiatan, prosés atawa projék. Lembar

dokumentasi bisa jadi pakakas anu éféktif, lantaran di jerona aya data, fakta, jeung informasi anu rélévan ngeunaan objék anu didokumentasikeun.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus kakumpul ngaliwatan sababaraha téhnik di luhur, satuluyna data diolah jeung dianalisis ngagunakeun tiori-tiori anu geus ditangtukeun.

- 1) Niténan data anu geus kakumpul.
- 2) Milah-milah data anu saluyu jeung panalungtikan.
- 3) Mariksa data anu rék diolah.
- 4) Ngadéskripsikeun data saluyu jeung panalungtikan.
- 5) Nganalisis Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari Désa Mekarsari Kacamatan Cibalong Kabupatén Garut. Charles Sanders Pierce nétélakeun yén tanda téh kabagi tilu nyaéta 1) ikon, 2) indeks, 3) simbol.
- 6) Nyieun kacindekan tina hasil analisis jeung ngadéskripsikeun ngeunaan tradisi Mitembeyan Tandur.